

décembre 9, 2024

Paran elèv _____

Chè _____,

Dapre Lwa Sante Piblik Eta Nouyòk, tout elèv ki nan lekòl leta Vil Nouyòk dwe ajou avèk vaksen ki obligatwa yo pou yo ka ale lekòl. Jan yo te fè w konnen an, pitit ou a manke dòz ki nesèsè pou plizyè vaksen.

Elèv ki pa ajou avèk vaksen ki obligatwa yo te sipoze resevwa premye dòz ki apwopriye pou laj yo nan chak seri vaksen yo anvan 5 septanm 2024. Anplis, 20 septanm 2024 pou pi ta, paran elèv sa yo dwe montre yo gen randevou pou tout dòz rapèl ki obligatwa yo.

Paske ou pa bay dokiman ki montre pitit ou a te resevwa vaksen ki nesèsè yo, pitit ou a pa gen pèmisyon pou l ale lekòl. An konsekans, yo mete pitit ou a absan.

Tanpri sonje tou dapre Lwa Eta a, ou oblije asire ke pitit ou a ale nan klas pandan jounen an. Si ou pa kapab bay dokiman ki montre pitit ou a te resevwa vaksen ki nesèsè yo, mwen ankouraje w kontakte Biwo Lekòl Adomisil DOE nan 917-339-1793 oswa nan homeschool@schools.nyc.gov.

Avèk senerite,

Direktè